



Pou Piblikasyon Imedya: 10/09/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO BAY DEC ENSTWIKSYON POU ELIMINE UTILIZASYON
IDWOFLIYOKABÒN YO NAN ETA NEW YORK**

Aprè Ke Administrasyon Trump Lan Abandone Politik ki Ap Entèdi HFC yo, New York Ap Pwopoze Pwòp Règleman Li

Gouvènè Cuomo Mande Lòt Eta yo pou Vin Rejwenn New York ak California

Etap Majè pou Redwi Polisyon Chanjman Klimatik yo, Li Sipòte Objektif Gouvènè a genyen pou Redwi Emisyon Gaz A Efè Sèr yo de 40 Pousan Apati 2030

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke li te ap bay Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York lan enstwiksyon pou pwomilge règleman pou elimine idwofliyokabòn yo (hydrofluorocarbons, HFC), yon gwoup polyan gaz a efè sèr pwisan ke yo te itilize nan yon pakèt seri varyete aplikasyon. Règleman yo ta pral adopte chanjman 2015 ak 2016 yo nan Nouvo Politik Altènatif Konsiderab lan (Significant New Alternatives Policy) ke Ajans pou Pwoteksyon Anviwònmanal Ameriken an (U.S. Environmental Protection Agency) ap abandone sou administrasyon Trump lan.

“Pandan ke administrasyon Trump lan rejte chanjman klimatik yo epi ap kraze efò nou te fè pou pwoteje planèt nou an, New York ap pran mayèt lidèchip klimatik lan epi fòje yon wout annavan”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Nou ap pran mezi pou ka kòmanse ak eliminasyon itilizasyon idwofliyokabòn yo, epi mwen ankouraje lòt eta yo vin rejwenn New York ak California pou konbat HFC danjere yo. Nan New York nou kwè ke denegasyon se pa yon estrateji nan lavi, epi nou pral kontinye konbat chanjman klimatik yo pou pwoteje ekonomi nou an, planèt nou an ak avni nou.”

Règleman yo ta pral entèdi sibstans espesifik pou itilizasyon nan nouvo pwodwi konsomatè yo, nouvo ekipman ak ekipman ki reyamenaje apre dat konfòmite a, ki gen pami yo pwopilsè ayewosòl yo, ekipman refrijerasyon manje komèsyal ak rezidansyèl yo, ekipman lè kondisyon komèsyal yo, ajans lè kondisyon ak souflez mous veyikil pou ti travay lejè yo. Yo prevwa ke eliminasyon an, [ke yo ta pral mete sou pye ant 2020-2024](#), pral redwi emisyon HFC yo de plis pase 20 pousan nan nivo yo te prevwa yo apati 2030. DEC pral ap chèche enfòmasyon sou pwopozisyon sa anvan yo kontinye ak yon redaksyon règleman fòmèl, nan entansyon pou ka finalize règleman an nan ane 2019.

Règleman yo pwopoze direktiv Gouvènè Cuomo a ki nan diskou Eta Leta 2018 lan (2018 State of the State) pou DEC travay ansanm ak lòt ajans Eta yo pou redwi emisyon HFC yo nan New York. Pwopozisyon New York lan pral ede akonpli tou obejktif Akò Klimatik Paris an (Paris Climate Agreement), menm jan ak Amandman Kigali a nan Pwotokòl Montreal lan pou redwi itilizasyon HFC yo kòm yon ranplasan pou sibstans ki ap epwize ozòn yo.

Ak finalizasyon pwopozisyon sa a, New York pral rejwenn California ak Kanada nan egzijè eliminasyon polyan danjere sa yo. Egzijans pou elimine HFC yo nan mache konsiderab sa yo pral ede pouse endistri yo elimine polyan sa yo sou plan nasyonal ak global. An plis, biznis ki baze Etazini yo ki pwodwi ranplasan pou HFC yo pral benefisye de lidèchip New York nan pran mezi sa a.

Finansman eta a disponib pou akselere rediksyon itilizasyon HFC yo pi rapidman. Fon Pwoteksyon Anviwònman la (Environmental Protection Fund, EPF) gen ladan prèske 9 milyon dola atravè [pwogram Kominote Entelijan Klimatik yo \(Climate Smart Communities program\)](#) pou pwojè adaptasyon ak rediksyon gaz a efè sèr yo, ki gen ladan sibvansyon pou minisipalite yo pou redwi ekoulman refrijèran yo, ranplase oswa reyamenaje ekipman refrijèrasyon, rafrechisman oswa pou lè kondisyon yo (sa vle di, ekipman pou estokaj manje oswa blòk glas yo) ki gen refrijèran ki pa gen anpil potansyèl rechofman global yo; enstale ekipman siveyans ekoulman refrijèran yo; etabli plan siveyans ak reparasyon yo; etabli pwogram dispozisyon entansifye yo pou rekipere epi resikle refrijèran yo; epi adopte kòd oswa estanda yo pou ankouraje itilizasyon refrijèran altènatif yo. Yon 1 milyon dola adisyonèl ki soti nan EPF disponib pou lòt pwojè yo pou abòde pwoblèm HFC yo ansanm ak lòt polyan klimatik efemè yo.

New York ap pran mezi agresif tou pou ede konsomatè yo aksede a aparèy ki pa konsome anpil enèji yo ak lòt solisyon yo pou ka redwi anprent kabòn yo. Eta a ap ofri rabè pou kèk nan acha nouvo aparèy oswa ekipman yo, epi konsomatè yo atravè eta a ka aksede a pwogram efikasite enèjetik yo atravè swa [NYSERDA](#) oswa sèvis piblik lokal yo.

New York pral anonse nouvèl etap sa a kont HFC yo nan Somè Aksyon Klimatik Global la (Global Climate Action Summit) ki ap òganize nan dat 13-14 Septanm nan San Francisco.

Gouvènè Adjwen an, Kathy Hochul, te deklare, “Pandan ke Administrasyon Trump lan kontinye kraze efò nou te fè yo epi rejte enpak chanjman klimatik yo, New York ap leve kanpe epi kontinye asire ke anviwònman nou an pwoteje epi sekirize. Nou ap travay pou elimine itilizasyon idwofliyokabòn yo nan pwodwi pou redwi emisyon yo epi ede akonpli objektif nou genyen yo nan kad Akò Klimatik Paris an epi pou diminye emisyon gaz a efè sèr yo”.

Komisè DEC Basil Seggos te deklare, “Anons jodi a demontre lidèchip New York nan redwi polyan ki gen gwo entansite yo tankou HFC yo ak metàn ki ap kontribiye nan chanjman klimatik yo. Sou lidèchip Gouvènè Cuomo, New York ap travay ansanm ak lòt eta yo nan Alyans Etazini sou Klima an (U.S. Climate Alliance) pou redwi emisyon polyan ki danjere sa yo epi sovgade avni timoun nou yo. Devlopman DEC fè pou règleman ki pwopoze a ap sèvi pou mete sou pye Defi Polyan Klimatik Efemè a (Short-

Lived Climate Pollutant Challenge) ke New York ansanm ak lòt eta nan Alyans Klimatik yo te anonse an Jen 2018”.

Alicia Barton, Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral NYSERDA, te deklare, “Rediksyon gaz ki danjere yo enpòtan anpil pou sovgade sante tout moun New York yo epi pwoteje resous natirèl presye nou yo. Gouvènè Cuomo kontinye demontre atravè politik ak investisman nan enèji pwòp ki ap mennen nan nasyon an lidèchip enpòtan ki nesèsè pou ka pwopoze solisyon ki abòde kèk nan defi anviwònman ki pi presan nou yo, epi abòde dirèkteman batay nou ap mennen an sou chanjman klimatik yo”.

Pwoteje Anviwònman Nou an

Politik chanjman klimatik Gouvènè Cuomo yo ap mennen nan nasyon an pou ale nan yon avni ki pi pwòp, pi dirab. Atravè efò ki ap mennen nan nasyon an tankou Inisyativ Gaz A Efè Sèr Rejyonal lan (Regional Greenhouse Gas Initiative), New York ap agresivman redwi dyoksid kabonik, ki se prensipal gaz a efè sèr ki emèt atravè aktivite imèn yo. Gouvènè Cuomo te lanse tou inisyativ ki sible yo pou konbat lòt gaz a efè sèr yo, ki ap lanse Plan Rediksyon Metàn (Methane Reduction Plan) ki gen 25 pwen an nan ane 2017 pou ka redwi emisyon polyan ki kenbe chalè yo ki omwen 25 fwa pi pwisan pase dyoksid kabonik.

Aprè ke gouvènman federal la te anonse entansyon li pou li retire kò li nan Akò Paris a ki te fèt sou chanjman klimatik la, New York te rejwenn California ak Eta Washington pou yo fòme Alyans Etazini sou Klima a pou mentni objektif akò a yo. Alyans Etazini sou Klima a te agrandi pou l enkli 17 gouvènè k ap reprezante prèske mwaye pwodwi enteryè bri Etazini an.

New York te tabli tou yon Estanda Enèji Pwòp (Clean Energy Standard) pou mwaye nan elektrisite li itilize soti nan sous enèji renouvlab yo apati 2030, sa k ap konplemanje estrateji anbisyè Refòm Vizyon Enèji (Reforming the Energy Vision, REV) Gouvènè Cuomo a. REV ap konstwi yon sistèm enèji ki pi pwòp, pi fleksib epi pi abòdab pou tout Nouyòkè yo nan favorize investisman nan teknoloji enèji pwòp yo tankou solè, van ak enèji efikas. Estrateji REV la ap asire Eta New York la redwi degajman gaz a efè sèr yo nan tout ekonomi an nèt jiska 40 pousan apati 2030 epi atenn objektif ki rekoni sou echèl entènasyonal la, ki se pou redwi degajman gaz a efè sèr yo jiska 80 pousan apati 2050. Si ou vle jwenn plis enfòmasyon sou REV, ansanm ak investisman 5 milya dola Gouvènè an nan teknoloji enèji pwòp ak nan inovasyon, tanpri vizite sitwèb www.ny.gov/REV4NY epi swiv nou nan @Rev4NY.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)